# Мойнақтағы жергиликли әҳмийетке ийе автомобиль жолы асфальтланды

Республикамыз аймағындағы мәдений мийрас ҳәм туризм объектлерине алып барыўшы улыўма пайдаланыўдағы автомобиль жолларында оңлаў жумыслары жүргизилип атыр.

Image not found or type unknown

Мойнақ районы аймағындағы Сулайман Бақырғаный мақбарасына алып барыўшы 4-Н 1 автомобиль жолының 0-3 км аралығында Мойнақ районы жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы хизметшилери тәрепинен қурылыс-оңлаў жумыслары жүргизилип атырған болып, асфальт асты грунт жумыслары, щебен төсеў ҳәм жол қапламасы биригиўине жәрдем бериўши арнаўлы араласпа себиў жумыслары алып барылды. Күнделикли оңлаў жумыслары шеңберинде асфальт төселди.

Image not found or type unknown

Асфальт төсеў ушын саз жағдайдағы зәрүрли машина-механизмлер, сондай-ақ, арнаўлы қәнигелер менен биргеликте жумыслардың сапалы жүргизилиўи тәмийнленип атыр.

Қарақалпақ Автожол